



STATE OF NEW YORK
GOVERNOR ANDREW M. CUOMO



THE CITY OF NEW YORK
MAYOR BILL DE BLASIO

Pou Piblikasyon Imedya: 29 me 2014

Kontak Laprès:

Biwo Laprès Gouvènè a, press.office@exec.ny.gov, (518) 474-8418

Biwo laprès Majistra, pressoffice@cityhall.nyc.gov, (212) 788-2958

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI TE PWOPRIYETE PA MAJISTRA DE BLASIO POU BAY SOULAJMAN TAKS POU MÈT KAY AVÈK PWOPRIYETE KI ANDOMAJE YO PA GWO TANPÈT SANDY

Staten Island, NY—Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lejislasyon ki te pwopoze pa Majistra Bill de Blasio pou bay soulajman a rezidan vil New York yo ki sijè a taks sou pwopriyete ki pi elve kòm yon rezilta nan reparasyon kay ki te gravman andomaje pa Gwo tanpèt Sandy. Lejislasyon an te devwale pa toulède Majistra ak Gouvènè a an avril nan Konferans Ete 2014 NY Rising rekonstriksyon kominotè nan Albany.

“Nan pasaj gwo tanpèt Sandy, mèt kay yo toupatou nan rejyon sid la te fòse pou investi nan reparasyon enpòtan pou rann kay yo pi rezistan— investisman ki pral ogmante taks yo anba sikonstans nòmal. Sandy pat yon sikonstans nòmal, toutfwa, e mwen pa pral kite taks ogmante sou mèt kay yo senpleman paske yo te repare domaj ki te fèt ak planifye sajman pou lavni,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lejislasyon sa a pral asire ke mèt kay yo pwoteje pandan yap chèche rebati pi byen, pifò ak pi ansekirite pou nouvo reyalite move tan. Mwen konplimante Majistra de Blasio pou vizyon l ak travay san relach li nan defans lejislasyon sa a, ansanm avèk lejislasyon Eta paske li te pase lwa sa rapidman e avèk sipò de pati yo, e mwen fyè pou siyen l an lwa jodia.”

Majistra Bill de Blasio te deklare, “Yo pa ta dwe fòse Mèt pwopriyete yo kap rekipere nan Sandy pou peye taks ki elve senpleman paske yo rebati—e kounye a yo pa p fè l. Nou te pwopoze lejislasyon sa a paske Nouyòkè yo ki te deja sibi anpil difikilte merite soulajman debaz sa a. Mèsi a toulède Sena ak Asanble a paske yo te pase nan inanimite lejislasyon sa a, e a Gouvènè Cuomo paske li te siyen rapidman pwojè lwa sa ak pou kontinye kondwi kòm nap rekipere ak rebati.”

“Mwen fyè paske mwen te kanpe avèk Gouvènè Cuomo, Majistra de Blasio ak kòlèg mwen yo nan gouvènman ki te satisfè difikilte rekiperasyon sandy nan vil nou an avèk entelijans, politik sans komen ki pral fè yon diferans enpòtan nan lavi Nouyòkè yo,” te deklare Prezidan Konsèy Vil New York Melissa Mark-Viverito. “Konsèy vil la ak eta pral bay soulajman taks sou pwopriyete ki pi nesèsè pou pwopriyete

Haitian Creole

kay yo ki te fòse pou rebati apre devastasyon Sandy. Avèk sipò nan nivo Federal, Eta ak Vil la, nou kapab e nou pral kontinye travay ansanm pou asire ke Nouyòkè yo kapab rebati yon vil ak yon eta ki pi solid ak pi rezistan.”

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Siklòn Sandy te detwi yon kantite inonbrab kay ak biznis ak boulvèsè lavi plizyè milye Nouyòkè. Distri Manhattan anba lavil se te youn nan kominote ki te frape pifò nan tanpèt devastasyon an, e nou toujou gen difikilte pou rekipere. Lwa sa bay soulajman taks ki pi nesèsè pou fanmi yo e pwopriyetè biznis yo kap travay pou retounen sou pye yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te pran aksyon rapid pou enplemannte mezi enpòtan sa a ak bay èd nan kèk kominote ki te pi frape nan New York.”

Senatè Andrew Lanza te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te siyen an lwa lejislasyon enpòtan sa ki rann mwen fyè paske m te ekri l. Gwo tanpèt Sandy te koze domaj enpòtan nan kay ak pwopriyete nan Staten Island, e rezidan nou yo ki te andire anpil soufrans merite soulajman taks sa. Kòm travay nou pou rebati ak retabli nan Sandy ap kontinye, rediksyon nan taks sa pral ede mèt kay yo ki te frape fò pa tanpèt la kenbe plis nan lajan yo te travay di a. Mwen egalman remèsye Prezidan Awondisman Oddo, Manm konsèy Ignizio ak manm asanble Cusick paske yo te alatèt efò sa a nan Staten Island.”

Manm Asanble Michael Cusick te deklare, “Anpil pwopriyetè kay la nan Staten Island te eksperimante domaj grav ak difikilte. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te vini la nan Staten Island pou siyen pwojè lwa sa a an lwa, sa ki pral bay soulajman taks enpòtan kòm pwopriyetè yo ap rebati apre destriksyon tanpèt la. Anplis, mwen felisite Majistra de Blasio ak delegasyon Konsèy Vil Staten Island paske yo te entwodui inisyativ sa.”

Kòm valè enpozab de yon pwopriyete kapab ogmante apre reparasyon yo oswa rekonstriksyon ki te antreprann nan pasaj gwo tanpèt Sandy, kèk pwopriyetè kay ki te gen kay yo andomaje pandan tanpèt la kounye a sijè a bòdwo taks ki pi elve sou pwopriyete -- menmsi mèt kay la te sèlman restore bilding lan nan kondisyon l anvan tanpèt la.

Nouvo lwa a (A.9578-A / S.7257-A) te siyen jodia pa Gouvènè Cuomo pèmèt yon rediksyon pasyèl nan taks sou pwopriyete pou sèten pwopriyete ki te andomaje pa Sandy ki te repare depi lè sa. Lwa pral bay soulajman taks a rezidan vil New York yo ki te afekte pa tanpèt la ki gen bòdwo taks pwopriyete yo nan ane fiskal 2015 vil la ki pi elve pase taks ki koresponn a CFY2013.

Pou kalifye pou soulajman taks la, pwopriyete a dwe satisfè kritè ki annaprè yo:

- Depatman finans te diminye valè enpozab bilding lan sou ane fiskal 2014 pwopriyete a apati valè enpozab pou ane fiskal 2013 kòm yon rezilta nan domaj ki te koze pa gwo tanpèt Sandy.
- Depatman finans te ogmante valè enpozab bilding lan pou ane fiskal 2015 sou valè enpozab li pou ane fiskal 2014 la; e

- Valè enpozab bilding lan pou ane fiskal 2015 depase sa pou ane fiskal 2013.

Rediksyon an pral parèt sou bòdwo taks mwa jiyè pwopriyetè kay ki te afekte yo. Pwopriyetè kay yo ki genyen kesyon kapab rele 311 oswa vizite sit entènèt Depatman Finans NYC nan NYC.gov/finance.

Nan ka kote reparasyon oswa rekonstriksyon lakoz nan yon ogmantasyon nan sipèfisi pye kare bilding ki afekte a, lwa a bay pou yon diminisyon pwopòsyonèl nan kantite rediksyon pou moontre ogmantasyon an nan sipèfisi bilding lan.

Gouvènè a te siyen lejislasyon an nan nouvo pak twa karo tè bò lanmè a ki lokalize arebò Kill Van Kull nan rivaj nò Staten Island. Pak la rekonèt pa Administrasyon an pou Tè piblik kòm premye pak bò lanmè rezistan apre siklòn Sandy e li te deziyen pou asire inondayson minim nan ka pwochen tanpèt yo. Mezi rezistans ki te pran gen ladan konsepsyon pak la avèk 2-3 pye konpozisyon sòl siplemantè pou absòbe dlo lapli anplis ak nivo lanmè. Tè pèmeyab la pral absòbe kantite dlo enpòtan san w pa bezwen drene epi aji tankou yon tanpon ki pwoteje biznis yo andedan ak kay yo sou rivaj Nò Staten Island nan ka kote ta genyen yon tanpèt bò lanmè enpòtan.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418